



Inisyativ Rejyonal
Amerik Latin ak Karayib
San Travay Timoun



Amerik Latin ak Karayib la:

Nan wout pou vin gen premye jenerasyon **SAN TRAVAY TIMOUN**

.....


Yon lekti ki konplè, entèdepandan sou
Ajennda 2030 la nan kad objektif 8.7 la



7

Nan mwa septanm 2015 la, apre twazan yo fin travay di, tout 193 Peyi Manm Nasyonzini yo te adopte ak konsantman yo tout Ajenda 2030 sou Developman Dirab, yon responsabilite jeneral pou kapab fè fas ak defi ki te rete san solisyon nan Objektif pou Developman Milenè (ODM) a.

Apre yo fin adopte objektif yo nan konteks yo, pandan 15 lane k ap vini yo, chak peyi pral gen pou li aplike objektif pou yo rive nan kwasans ekonomik, enklizyon sosyal ak pwoteksyon anviwònman an, ki se baz developman dirab la. Sa dwe fèt yon fason pou youn konplete lòt epi pou yo gen relasyon youn ak lòt.



Elimine povrete	+	Batay kont inegalite	+	fe pwomosyon pou Kwasans nan bon kalite travay	=	Developman dirab
-----------------	---	----------------------	---	--	---	------------------

17 Objektif pou Developman Dirab

169 objektif ki mache avèk yo

Inivèsèl, ki ka aplike nan tout peyi nan mond la
Ki adopte nan peyi yo tankou se pa yo, negosye avèk tout Peyi Manm Nazyonzini yo pandan plis pase 3 lane, apre anpil konsiltasyon



ODD 8:

FÈ PWOMOSYON POU KWASANS EKONOMIK DIRAB, POU TOUT MOUN, TRAVAY KI PWODIKTIF AK BON JAN KALITE TRAVAY POU TOUT MOUN

¿Poukisa **elimine travay timoun** fondamantal pou rive genyen devlopman dirab?

Siksè k ap genyen nan diminye travay timoun pral soti nan reyalizasyon objektif peyi yo te bay tèt yo nan Ajennda 2030 la. Paske avansman ki gen pou wè ak amelyorasyon nan edikasyon, diminye lamizè, egalite osinon bon jan lavi ak byennèt, jwenn gwo obstak (pwoblèm) lè timoun ak adolesan yo tonbe nan travay twò bonè sitou lè yo nan aktivite ki gen gwo danje oswa lè yo viktim enfrafskyon.

Kaba travay timoun pou rive nan lane 2025 pral montre si nou nan bon chemen pou rive atenn lòt objektif.

Konsantre aksyon yo sou fammi ki gen timoun ak adolesan ki riske yo oubyen ki nan sitiyasyon travay timoun, pral yon garanti n ap avanse pou rive nan lòt objektif yo. Paske n ap akonpanye yon jenerasyon ki pi edike, pi an sante, avèk plis kapasite pou travay, mwens posiblite pou vin pòv epi ki petèt pi konsyan ak enplike nan pwoteje planèt la.

 **CHIF SOU
TRAVAY
TIMOUN**



Nan **MONN NAN:**

168
milyon timoun
ap fè travay timoun

85
milyon
ap fè travay ki gen
danje ladan I

OBJEKTIF 8.7

Pran mezi prese prese, ki efikas pou elimine travay fòse, fini ak fòm esklavaj modèn yo epi ak komès moun nan, asire nou yo entèdi ak elimine pi move fòm travay timoun yo, sa ki gen ladan I rekritman epi itilizasyon timoun solda yo, rive 2025 pou pi ta, kaba travay timoun yo nan tout sans.



PREVASYON, pi bon estrateji: anpeche travay timoun fè chemen l

Evite timoun yo tonbe travay depi lè yo gen 5 lane, pral asire travay timoun vin diminye tikras pa tikras. Toutotan y ap rive nan pi piti laj pou yo ka travay, dwe gen garanti yo pral fè sa nan kondisyon ki pwoteje yo epi nan aktivite ki san danje pou yo kapab kontinye al lekòl epi fòme tèt yo.



Nan **AMERIK LATIN AK KARAYIB LA:**

12,5
milyon

timoun
(8,8% popilasyon
an genyen soti 5 pou
rive 17 lane)

9,6
milyon

ap fè travay ki gen
danje ladan yo.

2,9
milyon

gen pi piti pase
laj yo otorize pou
yo ka travay

Yon
**kantite nou pa
konnen**

viktim enfraksyon
ki soti nan
eksplwatasyon
ekonomik



ODD 4:

GARANTI YON BON KALITE EDIKASYON POU TOUT MOUN, NAN MENM NIVO EPI FÈ PWOMOSYON OPÒTINITE POU TOUT MOUN APRANN PANDAN TOUT VI YO

Nan peyi devlope yo, se 91% timoun ki rive nan nivo edikasyon primè, men tou 57 milyon timoun ak adolesan rete san yo pa ale lekòl.

Nan mond lan, 103 milyon jèn pa gen yon nivo minimòm alfabetizasyon. Plis pase 60% ladan yo se famn.

Objektif 4.1

Pou rive 2030, aji yon fason pou tout timoun fini lekòl primè ak segondè ki dwe gratis, menm nivo ak bon jan kalite epi pou yo bay bon jan rezilta.

Anplis pou timoun yo ale lekòl epi rete lekòl la, kalite edikasyon an ak rezilta yo jwenn enpòtan anpil. Kantite timoun ak adolesan ki nan sitiyasyon k ap travay la pi plis nan klas primè yo, men rezilta timoun k ap travay yo pa pi bon pase sa ki pap travay yo.

Nan klas segondè yo, li pi pwobab pou adolesan k ap travay la kite lekòl nèt. Sa ki frennen kapasite ak kèk abilité li ta dwe devlope nan periòd sa, epi sa fè l vin difisil anpil pou yo jwenn bon jan travay alavni.

Objektif 4.2


Pou rive 2030, asire tout timoun kapab rive jwenn sèvis pou devlopman timoun piti epi ak bon kalite edikasyon nan nivo preskolè pou yo ka byen prepare pou nivo edikasyon primè.

Lè gen entèvansyon sou plan sosyal ki fèt nan premye ane lavi timoun yo sa ka redwi kèk deriv ki nan anviwonnan timoun yo (tankou sitiyasyon kote timoun yo ap travay): sa diminye dezavantaj yo ta kapab jwenn pi devan nan lavi yo epi sa gen yon gwo enpak ekonomik non sèlman sou timoun sa yo, men sou pitit pa yo tou ak sou tout sosyete a.

Objektif 4.3

Pou 2030 la, asire tout moun, gason kou fi, jwenn aksè, nan menm kondisyon ak fòmasyon teknik, pwofesyonèl epi bon jan kalite fòmasyon. Fòmasyon ki gen ladan l fòmasyon inivèsité.

Travay timoun anpeche oubyen rann difisil edikasyon ak fòmasyon yo, epi li anpeche yo devlope konpetans ki nesesè pou karyè travay yo. Nan sans sa a, aksè sou mache travay la vin sèlman al fè ti travay enfòmèl ou byen travay ki pa byen peye.



Objektif 4.4

Pou 2030 lan, ogmante yon fason konsiderab kantite jèn ak granmoun ki gen konpetans nesesè yo, konpetans teknik ak pwofesyonèl yo an patikilye, pou yo ka jwenn travay, bon jan travay ak fè biznis.

Le n rive genyen objektif espesifik pou edikasyon timoun ak adolesan ki frajil yo (pa egzanp, sa ki riske oswa ki nan sitiyasyon travay timoun yo), sa ap pèmèt plis moun devlope konpetans ki nesesè pou jwenn yon bon travay.

Objektif 4.5

Pou rive 2030, elimine inegalite ki egziste nan mitan fi ak gason nan zafè edikasyon epi garanti aksè ekitab pou moun ki frajil yo s ak gen ladan l moun ki andikape yo, pèp endijèn yo ak timoun ki nan sitiyasyon frajil yo, nan tout nivo edikasyon ak fòmasyon pwofesyonèl.

Garanti pou moun ki nan sitiyasyon frajil yo jwenn edikasyon fè n wè dirèkteman timoun ak adolesan ki riske yo oswa ki nan sitiyasyon travay timoun akoz sitiyasyon fanmi yo.

Atake yon fason espesifik fòm travay timoun nou pa twò wè yo, travay domestik tifi ak jenn demwazèl yo fè epi pil travay ki fèt nan byen ta yo, kapab diminye diferans ki genyen ant fi ak gason amelyore aksè pou al lekòl.

Anpil ladan yo pa al lekòl, si yo ale, posiblite pou yo reyisi a piti anpil akòz egzijans kèk aktivite yo toujou panse ki pou gason epi ak repwodiksyon sosyal travay la.

Objektif 4.6

Pou rive 2030, garanti tout jèn ak yon bon valè nan granmoun yo, fi kou gason, gen kapasite pou li, ekri epi konn konte.

Travay timoun lan, ak sa li egzije nan tan timoun ak adolesan yo, redwi posiblite pou yo ta aprann li, aprann ekri epi aprann konte ki se 3 bagay ki endispansab pou moun travay epi pou moun gen nan lavi yo.

Rive atenn objektif sa pral egzije nou konsantre atansyon nou espesyalman sou timoun ak adolesan kap fè travay timoun yo, kote nivo analfabèt la wo anpil.



ODD 5:

RIVE FÈ FI AK GASON VIN EGALEGO EPI RANN PI FÒ TOUT FANM AK TOUT TIFI

Anviron 2/3 nan peyi ki nan zòn ki an devlopman yo rive genyen egalite ant fi ak gason nan edikasyon primè.

Objektif 5.1

Fini ak tout fòm diskriminasyon kont tout fanm ak tifi toupatou nan mond lan.

Anpil tifi aj jenn tifi k ap travay, viktim pi move fòm travay tankou eksplwatasyon seksyèl pou rezon komèsyal oswa nan travay ki gen danje ladan yo ki pa vizib tankou travay domestik, soufri doub diskriminasyon: poutèt yo se fi, poutèt yo se travayèz ki petèt imigran osinon endijèn. Sa yo se aspè ki sipèpoze youn ak lòt epi agrave kondisyon travay timoun yo, ki souvan mennen yo nan fòm ki pi ekstrèm epi ki kache yo.

Konbat diskriminasyon, ap mennen nou diminye travay timoun, sitou sa ki afekte espesyalman tifi yo.


Objektif 5.2

Elimine tout fòm vyolans sou tout fanm ak tifi ke l nan sektè piblik oswa prive, ki gen ladan trafik ak eksplwatasyon seksyèl ak lòt fòm eksplwatasyon.

Tifi ak jèn tifi k ap fè travay timoun yo gen plis risk pase gason pou yo tonbe nan pi move fòm travay timoun: sa ki gen ladan trafik ak eksplwatasyon seksyèl, ak risk pou yo vin enfekte ak VIH-SIDA.

Nan Amerik Latin ak Karayib la, gen anviwon 1.7 milyon moun k ap viv ak VIH-SIDA, ladan yo gen 33.000 ki gen pi piti pase 15 lane ak 180.000 ki genyen soti 15 pou rive 24 lane. Nan 180.000 la, 73.000 ladan yo se jenn tifi.

Pi fò timoun ki òfelen akoz VIH-SIDA ap siviv kòm travayè timoun.



Objektif 5.4

Rekonèt epi valorize sitwayen ak travay domestik ki pa peye yo pa mwayen yon seri sèvis piblik, enfrastrikti ak politik pwoteksyon sosyal, epi fè pwomosyon pou pataje responsablite nan kay la ak nan fanmi an, jan sa fèt nan chak peyi.

Pitit fi travayèz k ap travay lakay moun (nòmalman ki nan kondisyon delika epi enfòmèl) gen plis chans pou yo tonbe nan menm travay la ak pou yo sispann etidye. Yo sosyalman envizib.

Youn nan fòm ki pi grav nan travay ki pa peye nan kay se ka timoun ki ret kay moun yo osinon “restavèk” yo. Tifi ak jenn tifi paran yo bay lòt fanmi pou responsab yo sou baz pwomès pou ba yo edikasyon oswa fè yo jwenn plis opòtinite, konsa yo kenbe yo nan fè travay nan kay.

Objektif 5.5

Asire bon jan patisipasyon, ki efikas pou medam yo ak menm opòtinite pou yo diirje, pou pran desizyon nan tout nivo nan lavi politik, ekonomik ak piblik.

Toutotan tifi ak jenn tifi yo ap tonbe nan sitiayson travay timoun, (espesyalman sa ki mwens vizib yo tankou travay domestik oswa eksplwatasyon seksyèl), li pral pi difisil pou garanti yo gen aksè ak sante seksyèl ak repwodiktif alevwa pou yo ta pèmèt yo jwi opòtinite egal nan pran desizyon nan zafè politik, ekonomik ak piblik.

Objektif 5.6

Garanti aksè inivèsèl pou sante seksyèl ak repwodiktif epi dwa repwodiksyon selon akò avèk Pwogram Aksyon Konferans Entènasyonal la sou Popilasyon ak Devlopman, Platfòm Aksyon Beijing ak dokiman final konferans sa yo.



ODD 1: FINI AK GRANGOU SOU TOUT FÒM NAN MOND LAN

836 milyon moun jiskaprezan ap viv nan nivo lamizè ki pi ba a 1 sou chak 5 moun nan reyon an devlopman yo ap viv ak pi piti ke 1,25 dola pa jou.

Objektif 1.1

Pou rive 2030, elimine move grangou pou tout moun nan mond lan, kounye a yo mezire l ak yon revni ki pi piti ke \$ 1.25 US ak jou.

Objektif 1.2

Pou rive 2030, diminye omwen mwatye pwopòsyon kantite gason, fanm ak timoun ki gen tout laj k ap viv nan povrete nan tout dimansyon selon definisyon nasyonal yo.

Se pa toutan se travay timoun ki lakoz lamizè, paske anpil fanmi pòv pa gen timoun k ap travay e gen fanmi ki gen mwayen ki itilize timoun kòm mendèv, paske le pa gen lajan pou moun viv se yon ankourajman enpòtan.

Kontrèman, travay timoun kenbe moun nan mizè, li kreye yon ti sèk visye ki mare yo. Lè yon moun antre sou mache travay la bonè sa afekte pèfòmans lekòl timoun yo, ki souvan anpeche yo fini lekòl yo epi sa mete yo nan yon sitiyasyon frajil: yo gen plis chans pou yo vin tounen jèn ak granmoun nan travay delika, ki mal peye, san pwoteksyon ak enstab ki fè yo plis gen tandans ret nan mizè.

Se poutèt sa pwogram kap konbat povrete rekonèt travay timoun kòm yon endikatè pou yo rive jwenn fanmi ki pi frajil yo.




Objektif 1.3

Fè sistèm ak bon jan mezi, sou pwoteksyon sosyal pou tout moun, rive fonksyone, menm nan pi ba nivo yo, epi pou rive 2030 rive tabli yon pwoteksyon sosyal ki laj k ap sèvi tout moun ki pòv ak moun ki frajil.

Sitiyasyon kriz nan fanmi an tankou lè yon manm pèdi travay li, enprevi nan kesyon sante (maladi grav oubyen aksidan nan travay) ak sitiyasyon kontrè nan pwodiksyon an (tankou sechrès, inondasyon oubyen aksè pou jwenn kredi pa ase) kapab diminye nèt, mwayen pou fanmi an viv sa ki ka lakoz timoun yo abandone lekòl epi al travay pou kontribye nan ede fanmi an viv.

Pwogram publik pou travay, pwoteksyon sosyal, avantaj sosyal pou manman ak papa, pwoteksyon pou moun andikape, ak moun ki blese oubyen ki trape maladi nan kad travay y ap fè, sekirite sou lajan pou moun viv nan granmoun, pwoteksyon kont chomaj ak transfè sou kondisyon pou peye kach oubyen lòt fason, tout sa yo se repons ki kapab kontribye nan diminye travay timoun men yo kapab rekonèt yo tankou yon varyab espesyal nan fè ateri ak fè swivi politik yo te mete kanpe yo.



ODD 10: DIMINYE INEGALITE ANNDAN AK ANT LÒT PEYI YO

Soti 1990 pou rive 2010, inegalite nan mwayen pou moun viv nan peyi devlope yo gen 11% ki ajoute sou li.

Majorite fanmi nan peyi devlope yo – plis pase 75% nan popilasyon an – jodi a nan sitiyasyon kote inegalite nan mwayen pou yo viv pi mal ke nan ane 1990 yo.

Objektif 10.1

Pou rive 2030, detanzantan rive genyen epi kenbe kwasans mwayen 40% moun ki pi pòv nan popilasyon an viv nan yon to ki depase mwayèn nasyonal la.

Youn nan prensipal rezon ki fè timoun ak adolesan nan reyon an ap travay se akoz mwayen pou viv nan kay la ki pa ase, se poutèt sa a, reyisi objektif sa a kapab genyen yon enpak pozitif sou diminye li s ak ta kapab amelyore posiblite pou satisfè bezwen primè yon san pa t ap gen nesesite pou al voye manm ki pi jèn nan fanmi an al travay.

Objektif 10.2

Pou rive 2030, ranfòse ak fè promosyon pou enklizyon sosyal, ekonomik ak politik pou tout moun kelkeswa laj li, sèks li, andikap li, ras li, orijin li, relijyon li, sitiyasyon ekonomik li ak lòt kondisyon li.

Selon prèv ki disponib nan reyon an, prensipal rezon ki fè endijèn yo ak desandan afriken yo al lekòl pi ta se lamizè, travay timoun, distans pou sot lakay yo al lekòl la sitou nan zòn andeyò yo, move kalite lekòl yo ak pwogram edikatif yo pa twò wè enpòtans li epi yo viktim diskriminasyon.¹ Nan sosyete kote gwoup yo pa jwenn pyès avantaj politik ak sosyal, se plis ap gen atirans pou al fè travay timoun.

¹ ECLAC (2015), p. 29.

Objektif 10.3

Garanti pou tout moun genyen menm opòtinite epi diminye inegalite nan rezulta menm nan lwa politik ak pratik k ap fè diskriminasyon epi fè promosyon pou lwa, politik ak bon jan mezi ki respekte sa yo.

Lwa ak politik se zouti Leta genyen ki pou montre enterè l ak volonte l pou abòde sijè sa yo. Nan kesyon “travay” epi “timoun”, yo dwe sitou konsidere nòm entènasyonal sou travay. Asire bon jan aplikasyon yo ak respekte yo ap kontribye nan fè Objektif sou bon jan kalite travay la avanse sa k ap gen enpak pozitif sou fè prevansyon ak diminye travay timoun.

Objektif 10.4

Mete sou pye politik sitou sa pou peye enpo, politik sou salè ak pwoteksyon sosyal epi rive detanzantan nan fè plis sa ki jis.

Sitiyasyon timoun ak adolesan k ap migre anndan pwòp peyi yo oubyen nan kite peyi yo pou al nan yon lòt peyi, avèk oubyen san moun ki akonpanye yo gen relasyon ak travay timoun.

Objektif 10.7

Pèmèt moun yo migre oubyen deplase nan lòd ak disiplin, nan sekirite kote se kapab nan kad politik sou migrasyon ki planifye ki byen jere k ap aplike.

Nan kite andeyò pou al lavil oubyen nan travèse fwontyè anpil timoun konn tonbe nan aktivite ki gen danje ladan yo oubyen yo viktim pi move fòm travay timoun (eksplwatasyon seksyèl, trafik dwòg, al travay pou gwoup k ap mennen aktivite kriminèl, etc.)

Fasilité moun migre ak fè deplasman nòmal pèmèt yo bay fanmi yo ak timoun yo sèvis pwoteksyon, diminye kondisyon frajil yo ak pou eksplwate yo epi pèmèt yo jwenn opòtinite pou yo grandi ak devlope tèt yo, ki pral yon benefis, kounye a ak pi devan, pou kote yo soti a ak kote yo prale a.



ODD 2:

KABA GRANGOU, RIVE JWENN SEKIRITE ALIMANTÈ EPI AMELYORE NITRISYON AK FÈ PWOMOSYON POU YON AGRIKILTI DIRAB

795 milyon moun (1 sou chak 9 moun nan mond lan) pa gen ase manje pou yo kapab rete ansante ak mennen yon vi aktif.

500 milyon nan ti fèm agrikòl nan mond lan, kote majorite nan yo fè yon *agrikilti sèch*², prodwi 80% nan manje yo konsome nan pi gwo pati nan kote kap devlope nan mond lan.

Objektif 2.1

Pou rive 2030, kaba grangou epi asire n tout moun kapab manje yon manje ki pwòp, ekilibre, pandan tout ane a sitou pòv yo, moun ki nan sitiyasyon frajil ak timoun ki nan tete.

Se fanmi ki pi pòv yo grangou plis frape. Tout sa ki kapab fè timoun yo al travay la nan mitan yo, sa ki lakòz risk yo vin ogmante lè pa ka manje jwenn ak lamizè.

Objektif 2.2

Pou rive 2030 fini ak tout fòm malnitrisyon, epi pou pita nan lane 2025, rive atenn objektif sou reta ki genyen nan kwasans ak fòm malnitrisyon modere³ sou timoun laj yo pa depase 5 lane, abòde nesesite ki genyen pou adolesan yo, fanm ansent yo, timoun ki nan tete ak granmoun yo pran swen tèt yo nan sa y ap manje.

Sou pwen sa a, siksè nan batay kont grangou pote estabilite politik men sitou kwasans ekonomik, ki dekouraje travay timoun.

² Agrikilti sèch la se lè moun nan pa kontribye nan chache lòt fason pou l wouze jaden yo men l kontante l sèlman nan itilize dlo lè lapli tonbe.
³ Malnitrisyon modere se lè pwa pou laj ki ant 2 ak 3 pwen Z anba mwayèn modèl OMS etabli sou kwasans timoun. Sa ki kapab lakoz sa, se oubyen yon pwa ki twò ba pou wotè timoun nan oubyen yon pwa ki twò ba pou laj li (reta nan kwasans) oubyen toulede ansam.



Objektif 2.3

Pou rive 2030, miltipliye pwodiksyon agrikòl ak benefis sila yo k ap pwodwi manje nan pi piti nivo, sitou fanm yo, pèp endijèn yo, agrikiltè familyal yo, gadò ak pechè yo nan ba yo yon trètman egalego pou travay latè, posede lòt resous ak matyè premyè pou kapab pwodwi, konesans, sèvis finansye, mache ak lòt opòtinite ki kapab pote diplis ak travay ki pa nan sektè agrikòl la.

Se travay agrikòl ki sitou soti nan ti pwodiksyon fanmi yo fè, ki absòbe plis mendèv timoun ak adolesan. Se poutèt sa yo dwe evite itilize tout mwayer ki ka lakòz pwodiksyon an ogmante nan sektè sa a repoze sou do plis timoun ak adolesan.

Aktivite pwodiksyon ki pap gen bezwen itilize travay timoun ap jwenn plis posiblite pou genyen aksè ak pèmanans nan chenn alimantasyon antrepriz ki déjà genyen presyon pou garanti respè dwa moun.

Objektif 2.4

Pou rive 2030, garanti sistèm pwodiksyon manje ki dirab epi aplike pratik agrikòl ki fleksib k ap ogmante fason yo pwodwi ak pwodiksyon, kontribye nan kenbe fonksyònman ekosistèm yo, ranfòsse kapasite adaptasyon ak chanjman klima a, fenomèn meteyowologik ekstrèm yo, lè gen sechrès, inondasyon ak lòt dezas epi amelyore detanzatan kalite sòl la ak tè a.

Amelyore pratik agrikòl ki kapab genyen enpak sou diminye travay timoun, espesyalman sou pi move fòm li yo. Nan kèk kote sa enplike devlope teknik pwosesis pwodiksyon yo k ap evite itilize mendèv timoun, devlope sistèm k ap diminye enpak chanjman klima a ak frajlite fanmi ki andeyò yo lè gen sechrès oubyen inondasyon k ap oblige yo chache èd timoun ak adolesan pou yo ka rekipere yo aprè yon kriz fin pase.



ODD 16:

FÈ PROMOSYON POU LAPÈ NAN SOSYETE, KOTE TOUT MOUN LADAN L POU DEVELOPMAN DIRAB, FASILITE JISIS POU TOUT MOUN, METE KANPE ENSTITISYON KI EFIKAS, RESPONSAB EPI K AP SÈVI TOUT MOUN NAN TOUT NIVO

Koripsyon, fè zafè anba tab, volè, fè fwod nan taks koute peyi devlope yo preske 1260 milyon dola chak ane. Lajan sa ta kapab sèvi pou fè moun k ap viv chak jou ak 1,25 dola viv ak plis pou pi piti pandan 6 lane.

To timoun ki abandone lekòl primè nan peyi ki gen konfli rive nan 50% nan lane 2011: 28.5 milyon timoun.

Objektif 16.2

Fini ak matrete, eksplwate, komès moun, tòtire ak tout lòt fòm vyolans kont timoun yo

Vyolans nan kay, nan lekòl oubyen nan katye se eleman k ap ogmante posiblite pou timoun ak adolesan yo al nan chache travay anvan lè pou yo kapab gen otonomi nan bay kondisyon sa yo do. Fòm vyolans yo plis rankontre sou timoun k ap travay se vyolan fizik, vyolans sikolojik, vyolans vèbal ak vyolans seksyèl. Li enpòtan pou entansifye yon politik zewo tolerans kont vyolans sou timoun nan travay avèk oubyen san yon zouti legal, nan espas travay òganize yo oubyen nan sektè ekonomi enfòmèl la epi tou fòk yo konsidere aspè sa a nan moman y ap mennen aksyon nan kad objektif sa a.

Objektif 16.3

Fè promosyon pou yon etadedwa sou plan nasyonal ak entènasyonal epi garanti tout moun egalego nan jwenn jistis.

Li esansyèl pou etabli epi kapab konte sou yon regilasyon ki nesesè pou abòde travay timoun nan sans fè prevansyon l ak rive diminye l kontribye nan asire yo jwi dwa yo genyen tankou edikasyon, sante ak pwoteksyon timoun ak adolesan.



Objektif 16.6

Mete kanpe enstitisyon ki efikas, responsab epi transparan nan tout nivo.

Rive fè prevansyon ak diminye travay timoun mande pou genyen enstitisyon ki kapab mete kanpe bon jan politik ki nesesè nan tout nivo teritwa a ak patisipasyon plizyè aktè.

Sou pwen sa a, “*tripatism*” ak dyalòg sosyal ki karakterize nòm entènasyonal yo sou travay timoun se yon valè anplis nan defann dwa ak ranfòse lyen sosyal yo.

Objektif 16.9

Rive 2030, bay posiblite pou tout moun gen yon idantite legal sitou nan mete kanpe kote pou fè batistè.

Poutèt manke genyen kote pou fè batistè sa rann yo pa konnen anpil timoun ki soti nan gwoup frajil ki fasil tonbe nan fè travay timoun epi limite aksè yo nan sistèm pwoteksyon sosyal yo ki anpil fwa te ka fè ladiferans nan fè prevansyon oubyen retire yo nan aktivite ki gen danje ladan yo.

Nan prensipal obstak ki anpeche batistè fèt, twa ladan yo se: inyorans fanmi yo sou enpòtans li, obstak administratif ak kòb pou peye enskripsyon an nan kèk kote.



ODD 3:

GARANTI YON VI SEN EPI FÈ PROMOSYON POU BYENNÈT POU TOUT MOUN NAN TOUT LAJ

Chak ane plis pase sis milyon timoun ap mouri anvan yo rive genyen senkan. Gen plis chans pou timoun ki fèt nan mizè mouri anvan yo gen senkan ke timoun ki fèt nan fanmi rich.

Objektif 3.4

Diminye jiskaske l rive 1/3 lanmò anvan lè ak maladi moun pa ka pran nan fè prevansyon ak trètman epi fè promosyon pou sante mantal ak byennèt.

Dega ki soti nan travay timoun pa sèlman genyen konsekans sou sante timoun yo ak adolesan yo nan moman sa (move konsekans travay ki gen danje ladan l) men tou li ale pi lwen nan okazyon kote sa manifeste lè yo vin gramoun. Tout bagay sa yo vini ak tout presyon pa yo sou bidjè sèvis publik ki responsab sante.

Objektif 3.5

Ranfòse prevansyon ak trètman nan abize sibstans ki rann moun vin depandan, epi tou mal itilize dwòg ak mal konsome alkòl.

Nan sousi pou elmine travay timoun sou pi move fòm li yo - travay ki gen danje ladan yo ak lòt fòm enfraksyon tankou eksplwatasyon seksyèl -, kote pran dwòg ak konsome alkòl fèt souvan, y ap anpeche yo itilize yo ak pwofite yo pou kounye la (tankou timoun ak adolesan yo) ak pou demen tou (tankou gramoun yo).

Objektif 3.9

Pou 2030, rive diminye yon bon valè nan kantite moun ki mouri ak maladi pwodwi chimik ki gen danje ladan yo epi kontaminasyon nan lè a, nan dlo ak sou latè.

Pi gwo pati nan travay ki gen danje ladan yo konsantre nan agrikilti ak nan min (atizanal ak enfòmèl), nan sektè kote yo itilize anpil pwodwi chimik k ap genyen konsekans grav sou timoun ak adolesan ki nan aktivite sa yo.

Avanse nan objektif sa a vle di amelyore kondisyon sante ak sekirite nan travay ki pou gramoun yo epi kontribye nan diminye risk timoun ak adolesan yo kapab viktим.



ODD 13:

PRAN MEZI KI IJAN POU GOUVERN KONT CHANJMAN KLIMATIK AK TOUT EFÈ LI YO

Soti 1880 pou rive 2012, gen 0,85 degré Celsius ki ajoute sou mwayèn tanperati mond lan.

Soti 2000 pou rive 2010, te gen yon ogmantasyon nan emisyon yo ki pi gwo pase sa ki te pase nan twa deseni anvan yo.

Objektif 13.1

Ranfòse deteminasyon ak kapasite pou tout peyi yo adapte yo ak risk ki soti nan klima a ak dezas natirèl yo.

Travay timoun se estrateji fanmi yo pou jere dega chanjman klima a responsab epi tou ki kapab rive touche plis timoun k ap viv andeyò swa pou yo itilize fòs travay yo pou bay jarèt oubyen rekipere pwodiksyon yo, swa itilize yon lòt estrateji nan mete yo sou mache travay la pou ka jwenn plis mwayen pou fanmi an viv.

Objektif 13.3

Amelyore edikasyon, sansibilizasyon, konesans moun ak kapasite enstitisyon yo nan rann lejè pwa chanjman klima a, fason pou adapte ak li, diminye efè li yo epi lanse avètisman byen bonè.

Kòm se fanmi pòv yo ki jwenn mwens pwoteksyon sa lakòz yo pi frajil lè fenomèn klima ki move anpil ak sa yo pat panse ki t ap rive yo ap plede pase. Sansasyon risk fè yo itilize timoun ak adolesan yo nan lide pou kapab prepare oubyen soulaje efè fenomèn klimatik sa yo.



MESAJ **SANTRAL YO**

1

ODD se tankou yon chenn relasyon ak sans ki prale nan yon sèl direksyon: devlopman dirab ki adrese nan 3 dimansyon li: ekonomi, sosyete ak anviwonnan. Li pa sèlman chita sou nesesite pou angaje tout aktè ki gen kapasite pou enfliyanse rezulta y ap chache yo, men tou se avanse ak yon travay sou plizyè nivo ki pran ansanm lokal, nasyonal, rejjonal ak global.

2

Yo idantifye twa poto mitan ki ranfòse bon sans ak sa ki konekte tout ODD yo ki se: batay kont lamizè, voye monte “tout sa ki jis” ak fè promosyon pou kwasans ekonomik dirab pou tout moun nan garanti jwenn travay, pwodiksyon ak bon jan kalite travay tankou nan mete yo ansanm pou kapab rive kreye modèl devlopman k ap dire vre pou toutan.

3

Dimansyon bon jan kalite travay yo pale a nan ODD 8 la ak tout objektif li yo twouve l nan nwayo Ajennda 2030 lan epi li montre ki jan yo kapab devlope estrateji ekonomik pou kreye plis ak pi bon pòs travay k ap debouche sou yon pouvwa pou kapab genyen, k ap fè promosyon pou envestisman, sa ki pral bay fason yo pwodwi a jarèt epi tou ranfòse fason yo fè konpetisyón ak pou fè mache mondal la pwospere. Sa pa vle di demach sa a pral vin dirab epi pou tout moun touswit, men l ap mande pito mete kanpe estitisyon, òganizasyon, lwa, politik ak yon kilti dyalòg sosyal k ap pèmèt mond travay la gouvène epi mache travay yo fonksyone⁴.

4

“Kaba travay timoun nan lane 2025” ki nan objektif 8.7 vle di avanse pou pi piti ak 35 objektif, ki yo menm tou nan lòt ODD ki pa ODD 8 la, ki genyen relasyon dirèk ak diminye travay timoun epi ranfòse bon sans politik pubblik yo nan nivo lokal ak fè pwomosyon pou sipòte youn lòt nan nivo mondal ak rejjonal.

5

Inisyativ Rejjonal Amerik Latin ak Karayib san Travay Timoun⁵ te kreye nan lide pou al chache sipòte youn lòt pou kapab avanse nan sa peyi yo te antann yo sou yo nan Ajennda 2030 lan. 27 gouvènman ansanm ak òganizasyon anplwayè ak travayè fòme platfòm koperasyon ant gouvènman sa a ki pwopoze pou ale pi vit nan diminye travay timoun nan Amerik Latin ak Karayib epi rive ateri objektif 8.7 la nan bay yon jenerasyon politik tou nèf jarèt ki kapab pote bon jan respons nan chanje kondisyon ekonomik dominan yo ki nan bon jan mezi kapab pèmèt, jan rejjon an ap travay sou li a, diminye travay timoun rive dekole tout bon vre.

⁴ Gade: http://www.ilo.org/ilc/ILCSessions/105/reports/reports-to-the-conference/WCMS_479681/lang--en/index.htm p.7.

⁵ Konsilte dokiman Kad INisyativ Rejjonal la nan:

<http://www.iniciativa2025alc.org/sites/default/files/iniciativa-regional-documento-marco.pdf> págs. 17 y siguientes.

6

Lè n pati sou baz yon apwòch kote tout politik yo ap swiv menm liy, aktè nasyonal yo fè batay la vin tounen batay pa yo, pandan n ap konsidere aktyèlman karakteristik travay timoun ak adolesan yo, Inisyativ Rejyonal la pwopoze yon fason pou ale pi vit nan Politik Piblik y ap mete kanpe pou kapab genyen premye jenerasyon san travay timoun nan Amerik Latin ak Karayib la.

Se poutèt sa li pwopoze yon estrateji k ap mete ansanm twa kalite entèvansyon:

Prevansyon:

Se pou timoun soti 5 pou rive 17 lane, avèk apwòch ki base sou etap nan lavi yo, se akonpanye yo nan devlopman yo ak satisfè kèk nesesite nan lide pou anpeche travay timoun kontinye kous li.

Retabli dwa yo:

Se pou retire timoun ak adolesan ki gentan viktим travay timoun, sou pi move fòm li yo, nan aktivite ki gen danje ladan yo sou fòm eksplwatasyon ekonomik lalwa pini.

Sou sa k ap kenbe:

Pou asire gen enstitisyon nan leta a k ap mennen politik k ap fè prevansyon ak diminye travay timoun epi pwoteje adolesan yo otorize travay, epi fè pwomosyon pou pwogram yo rejwenn sèvis piblik ak prive k ap gen pou fè enpak nan domèn sa a.

Pou estrateji sa a kapab vin reyalite, li enpòtan pou analize tout Objektif Devlopman Dirab yo, se vini ak kritè ki kapab pèmèt mezi kont travay timoun yo dekole nan politik ak pwogram ki pi laj tankou, fè pwomosyon pou travay, edikasyon, lite kont lamizè ak inegalite, politik agrikòl ak sante, pou n site sa yo sèlman.



7

Finalman se adopte yon vizyon detaye epi konplè, ki preske soti nan yon ansanb ki pap ka divize ki kapab kapte epi mete ansanm relasyon ak sinèji nan mitan Objektif ak Tèm kote youn bezwen lòt; yon modèl travay k ap mande mete kanpe yon enstitisyon ki fèt menm pou nouvo defi sa yo epi ki louvri pou tout aktè ki nan devlopman ka vin patisipe. Se pou sa finansman ofisyèl Ajennda 2030 lan dwe pran ka timoun ak adolesan ki nan travay timoun, yon wout, Koperasyon Sid-Sid ak Sektè prive a, nan wòl li deja genyen nan domèn pwodiksyon ta dwe jwenn yon wòl kote y ap pran ka li plis, pou yo ale pi lwen ladan l.



8

Nan kontèks sa a, Inisyativ Rejyonal Amerik Latin ak Karayib san travay timoun vin yon platfòm entelijan kote y ap pote ansanm volonte politik ak kapasite divès kalte aktè piblik, prive, ak sipò koperasyon entènasyonal pou kaba travay timoun rive nan lane 2025 pandan y ap tou fè yon gwo pa nan bati yon devlopman dirab ki se desten sa mond lan te bay tèt li.

Lè n konsidere divès koz nan karaktè travay timoun, avanse nan fè prevansyon l ak diminye l mande abòde plizyè kesyon.

Pou rive nan objektif “*kaba travay timoun sou tout fòm li yo nan lane 2025*”, li nesesè, pou n site sa yo sèlman, diminye lamizè, amelyore edikasyon, fè promosyon pou tout moun egalego kelkeswa sèks ou epi mete kanpe politik pwoteksyon sosyal. An menm tan tou, pwogrè k ap fèt nan diminye travay timoun ap fasilité gen avanse nan domèn ki site la yo epi tou nan réyalize objektif yo chak.

Nan lojik sa a, analiz sou entèdepandans ki prezante a soti nan konsiderasyon sou sa lyen ant objektif elimine travay timoun nan ak lòt objektif yo idantifye mwayen enpak dirèk youn sou lòt, ak èd yon analiz relasyon tèm ak tèm sou baz yon réyalite anpirik nan chank domèn.

Chak objektif yo idantifye tankou yon “*enpak dirèk*” konsidere tankou yon enpak nan relasyon travay timoun ak objektif ki etabli yon endikatè nivo entèdepandans genyen ak travay timoun. Pa gen ka kote, pou ODD yo, yo konsidere kritè sou baz enpòtans oubyen yon ODD domine sou yon lòt. Menm jan an tou, nan analiz sa a, yo etabli sou baz enfòmasyon ki disponib, relasyon ki prale nan toulede direksyon, yo pa pwopoze yon modèl rezo men yon modèl relasyon.

Nan aplike kritè yo eksplike yo, analiz ki etabli lyen ant objektif 8.7 la ak tout ODD yo pral konsantre nan 8 objektif ak 35 objektif espesifik kote lòd la ap soti daprè nivo entèdepandans yo. Yo kapab konstate rezulta analiz ki fèt la nan imaj sa a.



Pou kapab konsilte tout Etid ki te réyalize a ale sou lyen sa a:
<http://www.iniciativa2025alc.org/sites/default/fi>